



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL LA
REYINYON KOMITE LEKÒL BOSTON**

21 jen 2023

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon vityèl 21 jen 2023 a 5 pm sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki endike anba la yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee , voye yon imèl bay feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Reprizantan Elèv Altènatif Ophilia Anis.

Manm Komite Lekòl ki te Absan: Stephen Alkins, Quoc Tran; ak Reprizantan Elèv Diego Mehta.

PREZANTASYON DOKIMAN AN

Ajanda

Pwosè vèbal Apwobasyon: 7 jen 2023

Rapò PowerPoint Siveyan : Lekòl Transfòmasyon

Sibvansyon pou Apwobasyon Total \$3,754,624

Donasyon an kalite ak yon valè total estime \$20,000

Memorandòm Akò ant Asosyasyon Administratè ak Sipèvizè Lekòl Boston yo (BASAS) ak Komite Lekòl Boston pou peryòd 1ye septanm 2020 jiska 31 out 2022.

Memorandòm Akò ant BASAS ak Komite Lekòl Boston pou peryòd 1ye septanm 2022 jiska 31 out 2024

Memo re: FY23 Demann Sipleman tè Adapte nan yon montan \$1,705,142 pou sipòte Memorandòm Akò ant BASAS ak Komite Lekòl Boston an pou peryòd 1ye septanm 2022 jiska 31 out 2024.

21 jen 2023

APÈL NOMINAL

Prezidan Jeri Robinson te louvri reyinyon an epi li te pwononse sèman fidelite a. Madam Sullivan te pase lis la. Doktè Alkins, Mesye Tran, ak Mesye Mehta te absan. Mesye O'Neill te rantre nan reyinyon an imedyatman apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a ap retransmèt an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV. Li pral afiche tou sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane te disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamien, Kantonèz, Mandarin, ak Lang siy Ameriken (ASL) e li te bay enstriksyon sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè li chanje chanèl Zoom lan. Yo te poste tradiksyon dokiman reyinyon yo sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an te kòmanse.

Madam Robinson akeyi reprezantan elèv altènatif Ophelia Anis ki te ranplase Diego Mehta.

Madam Robinson te di nan reyinyon Komite Lekòl ki te 7 jen 2023, Komite a te tande temwayaj piblik yon kantite moun ki te mande Komite a pou l fè yon deklarasyon pou sipòte edikatè yo nan kreye pwogram ki ankouraje elèv pou yo pansè kritik. Depi lè sa a, li te angaje l nan konvèsasyon pwodiktif ak kèk nan oratè yo nan yon efò pou aprann plis sou enkyetid yo. Li te di li ta kenbe Komite a ak kominote a ajou pandan konvèsasyon sa yo ap kontinye.

Madam Robinson te bay yon ti ajou sou pwopozisyon politik admisyon nan Madison Park Technical Vocational High School ki te prezante bay Komite a nan dat 24 me 2023. Manm komite yo te souleve enkyetid politik yo pwopoze a gen potansyèl pou kreye baryè envolonètè pou elèv nou yo ak fanmi. Li te mande ekip admisyon an pou l revize politik la epi fè ajisteman pou senplifye pwosesis aplikasyon an pandan l ap asire elèv yo konnen sa Madison Park ofri epi yo vle ale nan yon lekòl segondè teknik pwofesyonèl. Ekip la pral angaje ak moun ki gen enterè yo pandan ete a epi ansuit prezante yon politik revize bay Komite Lekòl la nan mwa septanm nan pou yon vòt anvan dat limit eta a 1ye oktòb.

Madam Lopera te anonse aswè a pral dènye reyinyon Komite Lekòl li pandan l ap kite Komite Lekòl Boston an pou l pase plis tan ak nouvo fanmi li. Li te aksepte yon nouvo pozisyon kòm Vis Prezidan EdVestors pou Avansman ak Relasyon Eksteryè. Li te remèsye Komite a, Siveyan Skipper ak Majistra Wu pou sipò ak lidèchip yo epi li te eksprime apresyasyon li pou anplwaye BPS ak fanmi yo. Manm Komite yo te remèsye Madam Lopera pou sèvis li e yo te swete li byen nan nouvo inisyativ li yo.

PREZANTASYON SITASYON: KONSEY KONSILATÈ ELÈV BOSTON

21 jen 2023

Prezidan Robinson te prezante sitasyon bay elèv ki gradye Lekòl Piblik Boston (BPS) sa yo k ap mete fen nan manda yo kòm lidè etidyan ak Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC):

- Muna Abanoor, Horace Mann School pou moun ki soud ak moun ki mal pou tande
- Hlaa Ahmed, Akademi Lidèchip Kominotè Boston
- Alaa Al Ramahialaa, Akademi Latin nan Boston
- Lizzelys Cordero Sanchez, Boston Community Leadership Academy
- Layla Fortunato, Boston Community Leadership Academy
- Saraphina Jean, Boston International High School
- Khasim Saeed, Akademi Lidèchip Kominotè Boston

Madam Robinson te remèsye Dennisse Rorie, direktè Biwo Lidèchip Jèn yo, paske li te sipòte lidè etidyan yo.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON

Apwouve – Nan apèl nominal, Komite a te apwouve a inanim minit reyinyon Komite Lekòl 7 jen 2023.

RAPÒ SIVEYAN

Prezantasyon:

Mèsi Prezidan Robinson e bonswa. Premyèman, yon gwo konpliman pou tout granmoun nou yo ki nan pwochen chapit yo. Nou pa ta ka plis fyè de ou epi nou pa ka tann pou wè tout sa ou pral akonpli pi devan! Mwen byen kontan nou te kapab selebre, ou menm ak tout reyalizasyon ou yo aswè a.

Kòm ou konnen nan medya yo, yè nou te pataje ak fanmi nan Lekòl Segondè Angle, Burke ak Brighton yon fanm adilt te enskri kòm yon elèv avèk pyès idantifikasyon ak papyè ki falsifye. Mwen boulvèse anpil paske yon adilt ta vyole konfyans kominote lekòl nou yo lè l fè tèt li pase pou yon elèv. Sa a te youn ka nan fwod ki trè konplèks. Le pli vit pèsonèl BPS te idantifye iregilarite nan enskripsyon elèv yo, yo te refere ka a bay Lapolis Boston ki kounye a ap antreprann yon ankèt kriminel. Pou moman sa a, mwen pa ka fè plis kòmantè, paske sa a rete yon ankèt k ap kontinye, men mwen vle remèsye anplwaye BPS ki te pran sa epi ki te aji byen vit ak Lapolis Boston pou lanse yon ankèt imedya. Nou pral bay plis mizajou si enfòmasyon enpòtan vin disponib atravè ankèt la epi jan nou fè ak nenpòt gwo ensidan nou pral revize tout sistèm ak pwosesis nou yo.

Pandan n ap fini ane lekòl sa a, n ap finalize tout plan nou pou pwogramasyon ete a. Ekip la te travay vrèman di pou asire yon ete pwodiktif ak amizan nan aprantisaj konesans. Pandan enskripsyon pou ete a ap kontinye nan premye semèn pwogramasyon, mwen kontan anpil sou fason enskripsyon an ap fòme. Pa egzanp:

21 jen 2023

- Nan opòtinite ochwa 5yèm Trimès nou an, nou gen plis pase 5,690 elèv ki anrejistre; ane pase nou te kòmanse ete ak 4,100!
- Pwogram Ane Eskolè Pwolonje (ESY) nou an prevwa apeprè 4,800 elèv k ap patisipe nan pwogramasyon, epi
- Aktyèman nou gen prèske 3,000 elèv ki enskri nan rekiperasyon kredi lekòl segondè ak 300 nan pwogram inisyativ pou egzamen lekòl nou an.

Katòz pwogram pral ofri tou plis opòtinite enklizif pou elèv nou yo. Pwogram sa yo dirije alafwa grasa lekòl ak patnè, tankou Lee Steam Ahead, ki se yon patnè ki anbrase jèn savan ki se envanteur ak syantis ki vle kreye chanjman nan kominote yo.

Yon lòt patnè se Fresh Films, ki ofri elèv yo eksperyans sou atizay sinema, pwodwi ti fim, videyo mizik, dokimantè ak plis ankò, epi bay eksperyans ak ekipman fim tankou kamera, mikwofòn boom, ekleraj, ak aparèy anrejistremant odyo. Tout opòtinite enklizyon sa yo sitiye nan lekòl kote yo ofri ESY pou nou ka benefisye sipò sou plas. Pandan n ap elaji pi lwen pase Faz 1, n ap angaje plis patnè ki deja sipòte elèv ki gen andikap pou kreye opsyon plis enklizif pou elèv nou yo. Mwen vle tou bay patnè nou yo ki ap ofri Opòtinite pou touche ete sa a. Vil Boston, State Street ak ABCD ofri tout etidyan ki abite nan Boston opòtinite travay ete ak kolaborasyon depi lontan avèk Konsèy Endistri Prive a te mennen nan plis pase 2,000 elèv BPS ki plase nan opòtinite salè atravè vil la. Nou motive epi nou pare pou ete a!

Aprè sa, mwen vle fè yon mizajou sou Aplikasyon MassCore. Yo te adopte règleman an ane pase a pou asire nou gen menm estanda ak atant nan tout lekòl segondè nou yo pou prepare elèv nou yo pou lavi ak karyè. Nou pran angajman pou nou itilize egzijans gradyasyon MassCore kòm yon zouti pou amelyore tout elèv BPS yo. Ane sa a se yon ane aprantisaj pou distri a ak pou lekòl yo paske elèv 9yèm ane nou yo, klas 2026 la, se premye klas ki pral gradye anba nouvo politik sa a. Nou poko gen nòt elèv premye ane nou yo, men yon fwa ane eskolè a fini ak tout klas yo te antre, n ap bay Komite Lekòl la yon mizajou otòn pwochen sou pwogrè yo rive nan kondisyon gradyasyon yo. Nou prevwa yon nesosite pou diskite sou kèk potansyèl chemen altènatif pou gradyasyon sèten gwoup elèv, espesyalman pou Elèv nou yo k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap ak elèv nou yo onivo Edikasyon Altènatif, men anvan nou pote anyen pi devan, nou vle revize done ki soti nan ane sa a. Kounye a ekip nou yo ap evalye kijan nou ka kreye chemen gradyasyon ki ann amoni ak objektif pi wo siksè pou gradye nou yo epi ki reflekte tou diferan bezwen edikasyonèl anpil elèv nou yo.

Higher Ground te fè selebrasyon li pou montre efò siksè Inisyativ Establi Fanmi Dirije (FLSI), yon inisyativ inik enpak kolektif ki konsantre sou redui elèv sanzabri nan Lekòl Piblik Boston yo. Evènman an te ogmante tou konsyantizasyon ak sipò pou pwoblèm sanzabri ak pwomès apwòch FLSI. Evènman an te make enpak Higher Grounds nan bay 500 fanmi sipò, ki se yon etap enpòtan.

Mwen te gen plezi m te la pou m te bay Alex Munoz, sipriz ki te resevwa prim chanje lavi pou ane a nan men National Life Group. Li te youn nan 15 ganyan yo nan prèske 900 aplikasyon. Alexis te nan Lekòl Edison K-8 ki nan Brighton depi plis pase 6 ane. Li se yon Edikatè eksepsyonèl Anvan Lekòl, ABA pandan jounen lekòl la ak Ko-Direktè Pwogram Young Queen ak King Scholar nan Edison K-8. Li travay 11 èdtan chak jou. Li ale sou ak pi lwen pou chak

21 jen 2023

elèv, li rete ta pou vin chèche elèv ki an reta. Li se yon Fòmasyon Akademik tou, Transfòmasyon Mentò, Jenès Mentò, Basketball Antrenè ak Tutè. Sa fè lontan depi l ap travay nan pwogram moun ki gen pwoblèm emosyonèl nan Edison K-8. Li fè fas ak elèv k ap boulon, goumen, kriye/rele, ak elèv ki nan IEP chak jou. Li toujou kenbe yon souri cho sou figi l. Elèv li yo ak kòlèg travay li yo te pataje poukisa li te merite prim sa a.

Yon gwo bravo pou klas 2023 a ak tout anplwaye nou yo ki te fè tout gradyasyon yo posib. Mwen te gen plezi asiste seremoni gradyasyon nan Margarita Muniz Academy, TechBoston Academy, New Mission, Boston International Newcomers Academy pami lòt kote mwen te wè manm Komite Lekòl yo deyò.

Pandan n ap fini nan fen ane lekòl la, mwen vle ofri kèk refleksyon sou kèk nan reyalyasyon nou yo pandan n ap bati yon nouvo fondasyon nan plizyè domèn kle pou BPS. Premyèman, mwen trè fyè de sa nou fè kòm ekip pou ane sa a. Nouvo ekip ak estrikti òganizasyonèl. Nou se 119 lekòl ki gen plis pase 12,000 anplwaye, men objektif mwen se pou nou deplase kòm yon sèl distri. Yon ekip k ap adrese chak klas, chak elèv, chak lekòl k ap debloke grandè anndan an.

Youn nan bagay mwen pi fyè de ane sa a se envèstisman ak devlopman nan Modèl Rejyonal nou an. Nou te kapab pi byen sipòte lekòl nou yo epi maksimize sipò dirèk biwo santral la bay kominote lekòl nou yo. Atravè estrikti rejyonal la, Siveyan Lekòl nou yo te òganize ekip antrenè biwo santral ak estaf operasyonèl pou bay sipò nan rejyon lekòl yo. Ane sa a, nou te wè 80% nan lidè lekòl yo te fè sondaj yo santi yo gen yon konpreyansyon klè sou fason ekip rejyonal yo ak lyezon yo ka sipòte Plan Kalite Lekòl yo.

Pou Lekòl Transfòmasyon nou yo, nou pran angajman pou asire yo gen plis sipò pi lwen pase modèl rejyonal la nan Biwo Transfòmasyon nou an, e mwen vle pataje yon ti mizajou sou kèk pwèn done k ap parèt yo kòm yon pati nan angajman SIP nou an nan rapò siveyans pwogrè chak trimès yo. Pratik tankou revizyon sere nan Plan 90 Jou lekòl la ak Round Enstriksyon k ap kontinye chak trimès te ede kenbe yon konsantrasyon fiks sou kourikoulòm ak pratik ansèyman nan klas la. Kòm ou konnen, nou te byen kontwole done pandan ane a nan domèn enstriksyon, klima lekòl ak prezans. Gen kèk nan done fen ane nou yo ki disponib epi nou ka wè siy pwogrè.

Sou devan prezans, alòske toujou gen anpil amelyorasyon ki nesèsè, 26 sou 28 Lekòl Transfòmasyon yo montre prezans ki amelyore an konparezon ak ane pase. An jeneral, Lekòl Transfòmasyon yo te redwi absans kwonik a senk pousan ane sa a

Sondaj sou Klima Pwofesè yo montre amelyorasyon nan Lekòl Transfòmasyon yo nan 6 sou 7 kategori mezire, epi aktyèlman montre pi wo evalyasyon nan Lidèchip Lekòl, Reyaksyon ak Antrenè, ak Efikasite Biwo Santral pase nan Lekòl ki pa Transfòmasyon. Ou ka wè prèv ki amelyore kondisyon yo nan kèk echantiyon kesyon sondaj yo bay nan fichye ou yo.

Sondaj sou Klima Elèv yo montre evalyasyon menm jan an nan tout kalite lekòl yo pou sans apatenans ak angajman elèv yo, men montre yon bezwen pou amelyore sans sekirite elèv yo nan Lekòl Transfòmasyon yo.

Sondaj sou Reyaksyon Klas Elèv la endike majorite elèv yo ki ale nan lekòl Transfòmasyon santi pwofesè ap atann yo anpil. Sa a ekivalan ak rezilta Distri a.

21 jen 2023

Pandan n ap tann done evalyasyon elèv yo nan fen ane a, nou prevwa kèk domèn pwogrè epi n ap tann plis konsantrasyon entansif sou pratik nan klas ak aprantisaj elèv ane pwochèn. An jeneral, endikatè pwogrè yo montre estrateji nou yo ak sipò yo ap travay. Pou akselere amelyorasyon, n ap tann plis aliman ak ranfòse fòmasyon ansèyman nan nivo klas nou an kòm yon domèn enpòtan nan Lekòl Transfòmasyon pou ane pwochèn. N ap kontinye ba ou dènye nouvèl chak trimès sou pwogrè ak kwasans onivo Lekòl Transfòmasyon nou yo.

Nou pran angajman tou pou asire elèv atravè distri a jwenn sipò yo bezwen. BPS te wè yon ogmantasyon nan kantite elèv ki resevwa sèvis atravè pwogram konsèy akademik nou an, ak plis pase 300 elèv nan klas 6yèm-12yèm ane k ap patisipe. Nou te kontinye bay lojman pèmanan tou pou anpil fanmi ki te fè eksperyans sanzabri atravè patenarya nou ak Boston Housing Authority.

Ansanm, nou te kontinye ogmante opòtinite pou elèv Lekòl Segondè nou yo atravè lansman Plan Lekòl Segondè nou an. Ane sa a nan senk lekòl segondè BPS nou te enskri elèv yo nan nèf chemen kolèj bonè diferan. Nou te anonse tou lansman 13yèm ane a nan Fenway High School, pou bay elèv yo yon ane konplè k ou nan nivo kolèj san det pandan tranzisyon nan inivèsite epi akselere nan direksyon yon diplòm. Travay ak patnè sendika nou yo, nou te lanse ekip planifikasyon enklizyon nan plis pase 20 lekòl ane sa a pou devlope ak aplike plis opòtinite enklizif pou elèv yo.

Nou te travay tou ak sendika ak lidè lekòl nou yo pou devlope yon plan aplikasyon nan chak lekòl ak yon konsantrasyon sou klas K0-K2, 7yèm ak 9yèm ane pou ane lekòl 24-25. Nou te fè investisman tou pou elaji aksè nan pwogram onivo lang natif natal, epi nou kòmanse planifye pou ajoute plis pwogram nan ane lekòl k ap vini yo. Pandan n ap kontinye konsantre sou alfabetizasyon ekkitab, nou te fè yon investisman nan bon jan kalite materyèl ansèyman ki egzamine e obligatwa nan chak lekòl ak nan 30 lòt entèvensyonis lekti santralman deplwaye pou sipòte elèv nou yo.

Nan transpòtasyon, nou te kontinye fè pwogrè nan enplemante amelyorasyon nan tout sistèm nan, ki gen ladan yon konsantrasyon sou anbochaj pou adrese chofè otobis yo ak kontwole mank pèsònèl. Kòm nan kòmansman mwa sa a, Transdev gen tout anplwaye ak chofè otobis yo. Transdev tou gen plis pase 30 chofè ki toujou nan fòmasyon e li te aplike pwogram fòmasyon CDL anndan yo, pou asire nou gen tout anplwaye ak chofè ki pral antre nan pwochen ane lekòl la. Nou te anboche tou plis pase 170 monitè otobis ane ki sot pase a, e nou kontinye konsantre sou anbochaj monitè pou abòde mank pèsònèl monitè ki rete yo.

Nou te fèmen tou yon kantite kontra kolektif nou yo ane sa a. Koulye a, nou ajou ak prèske tout kontra nou yo, yon bagay ki pa te rive ane sa yo epi nou te kòmanse planifye pou pwochen pwosesis negosyasyon yo.

Anfen, nou te fè anpil travay ak ekip Sipò Elèv nou an. Mwen ta ka kontinye, men sa yo se jis kèk nan bagay sa yo mwen vrèman fyè lè n reflechi sou ane ki sot pase a. Gen yon kantite travay enkwayab pou fè, e mwen angaje nan fè travay sa, sa a se jis kòmansman an. Se yon onè pou m sèvi distri sa a. Mwen rekonesan pou opòtinite sa a e mwen kontan pou posiblite yo nan ane kap vini yo.

Finalman, anvan mwen fini rapò mwen an, mwen vle rekonèt sa se dènye reyinyon Denise Snyder, Responsab Pwomosyon Fanmi. L ap pran retrèt e mwen t ap manke si mwen pa pataje

21 jen 2023

jan distri nou vin pi bon grasa lidèchip li. Sa mwen vrèman renmen plis nan Denise se kè li ak pasyon li pou fanmi nou yo. Li konnen ki sa vle di yon paran nan distri a kòm li te yon paran li menm pandan plizyè ane. Tout sa li fè, li fè l ak entansyon, swen ak konsiderasyon pou fanmi ak paran yo. Mwen remersye li pou servis e mwen konnen distrik nou an vin pi bon grasa lidèchip li ak konsèy pandan lontan. Mèsi Denise, konsa mwen fini rapò mwen an.

Mesye Cardet-Hernandez te mande done rezilta yo pou Lekòl Transfòmasyon yo. Direktè Egzekitif Lekòl Transfòmasyon Michael Sabin te di BPS gen kounye a 30 lekòl transfòmasyon, gen kat ki elijib pou sòti nan sitiyasyon transfòmasyon. Li ak ekip li a kounye a ap etidye done MAP nan fen ane a. Li te di pandan tout lekòl yo pa deplase nan inison nan direksyon gwo kwasans ak gwo siksè, yo wè anpil pwèn klè nan klas endividyèl ak nivo klas yo. Ekip la ap gade ak anpil atansyon, done nan twa domèn priyorite prezans, klima lekòl la, ak siksè elèv yo. Siveyan an te di Doktè Sabin ak ekip li a pral bay Komite a yon memo ki gen done rezilta fen ane ki kategorize lekòl transfòmasyon yo itilize koulè vèt, jòn ak wouj, ak prezantasyon ki pi konplè pou swiv.

Madam Lopera mande osijè anplwaye lekòl transfòmasyon yo. Mesye Sabin te di, kounye a lekòl transfòmasyon yo gen apeprè twa pwèn pousantaj nan rès distri nan ajoute pousantaj ki ranpli a, e li ajoute sipò distri a bay pou bezwen lekòl segondè yo pote fri. Madam Lopera te poze kesyon sou enpak pòs ki vid genyen. Mesye Sabin te di distri a ap travay di pou estabilize pwofesè yo ak minimize woulman anplwaye yo.

Madam Polanco Garcia te mande yon ajou sou rechèch distri a pou pwochen direktè Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (OMME). Siveyan an te di ekip li a nan pwosesis pou verifiye kandida final yo pou ranpli pozisyon kritik Chèf Edikasyon Espesyal ak Chèf OMME. Siveyan Adjwen Akademik Linda Chen te remèsye gwoup travay elèv k ap aprann anglè pou sipò ak aksyon yo.

Mesye O'Neill te di li espere resevwa plis done sou siksè elèv yo sou lekòl transfòmasyon yo. Li te mande Siveyan an pou l pale sou kèk nan defi ki gen rapò ak lekòl transfòmasyon yo. Siveyan an te pale sou ranfòsman, sipòte pi bon pratik, konbat enstabilite anplwaye yo ak bay lekòl k ap soti yo sipò kontinyèl. Mesye O'Neill te fè konnen li te renmen ale nan gradyasyon BPS nan kòmansman mwa sa a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande Siveyan an pataje panse li sou diferans ki genyen nan bon jan kalite pami lekòl segondè yo nan limyè de yon dènye atik nan *Boston Globe*. Siveyan an te pale sou kat prensip vizyon li pou lekòl segondè BPS yo:

1. Rigè akademik
2. Patenarya pou sipòte lekòl yo
3. Kolèj ak karyè pou tout moun
4. Eta atizay enstalasyon yo

21 jen 2023

Siveyan an te ajoute atik jounal la pa t adrese diferans ak sous finansman deyò, tankou fondasyon lekòl yo, li te mande Biwo Lekòl Segondè yo adrese. Mesye Cardet-Hernandez te mande sa ki genyen nan "kalite garanti BPS ." Siveyan an te di li pral prezante vizyon diplòm BPS la bay Komite an otòn. Mesye Cardet-Hernandez te mete aksan sou enpòtans pou fanmi yo gen aksè fasil a enfòmasyon egzak sou òf lekòl yo.

Madam Robinson te mande kijan distri a ap sipòte lekòl yo ak egzijans pou gradyasyon MassCore yo. Siveyan an te di ekip li a ap travay pou rezoud pwoblèm orè yo epi rasanble tout done ki enpòtan yo. Li te di BPS dwe adrese bezwen aprantisaj inik elèv yo pandan li aplike egzijans MassCore. Siveyan Segondè pou Kolèj, Karyè, ak Preparasyon pou Lavi Ted Lombardi te eksplike kijan ekip li a te pase ane ki sot pase a ap sipòte lekòl yo pandan y ap fè ajisteman pou satisfè egzijans MassCore yo. Ekip la ap eksplòre fason distri a kapab pi byen adapte pou ede elèv ki gen plis ak mwens laj e ki pa gen kredi ranpli kondisyon yo. Li te di distri a espere gen plis done an otòn sa a ki pral itilize pou detèmine pwochen etap yo. Madam Robinson te mande distri a pou l konsidere nòmalizasyon envèstisman lekòl transfòmasyon yo si se sa li bezwen pou kenbe siksè. Direktè Finansye a, Nate Kuder te eksplike kijan Pwojè "Reimagine School Funding" distri a ap reevalye fason BPS finanse lekòl yo pou reflekte priyorite elèv ak fanmi yo, sipòte pwogram inik nan lekòl yo epi asire yon "bon jan kalite garanti " nan tout lekòl yo. Komite Direktè Kominotè a pral gen pouvwa pou l rekòmande yon politik finansman lekòl bay Siveyan an, ann aliyman ak Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve Rapò Siveyan an san opoze.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

Madam Robinson te rekonèt anpil moun te enskri pou pale sou pwopozisyon pou konstwi yon nouvo etablisman pou Lekòl O'Bryant nan kanpis ansyen West Roxbury Education Complex. Li te raple tout moun se yon pwopozisyon, e BPS se jis nan kòmansman pwosesis angajman kominote a. Li te di Komite Lekòl la pran responsablite pou l konsidere pwopozisyon an trè seryezman, e li di tout desizyon yo dwe santre sou elèv yo.

Moun sa yo te temwaye konsènan enkyetid konsènan pwosesis renovasyon Boston Community Leadership Academy (BCLA)/McCormack School:

- Chris Denning, rezidan Hingham, manm Konsèy Administrasyon Lekòl BCLA/McCormack
- Paulina Vasquez, rezidan Dorchester, paran BCLA/McCormack
- Karen Olevitz, rezidan South Boston, paran BCLA/McCormack
- Davis Lewis, manm Konsèy Administrasyon Lekòl BCLA/McCormack
- Alma Forbes, manm Konsèy Administrasyon Lekòl BCLA/McCormack

21 jen 2023

Moun sa yo te temwaye konsènan lidèchip ONIVO Boston Latin Academy (BLA):

- Nicholas Ebisu, rezidan West End, pwofesè BLA
- Nisa Harrison, rezidan Dorchester, O'Bryant School of Math & Science paran ak pwofesè BLA
- Tristen Grannum, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè BLA
- Mary Dibinga, rezidan Roslindale ak pwofesè BLA
- Nisa Harrison, rezidan Dorchester, O'Bryant School of Math & Science paran ak pwofesè BLA
- Sherry Jackson, rezidan Newton, pwofesè BLA
- Katie Mendosa-Hayes, rezidan Dorchester
- Sonya White Hope, rezidan Fenway, pwofesè BLA
- Manuela Medina, rezidan East Boston
- Izaiah Lawton, rezidan Dorchester, ansyen etidyan BLA
- Aine Ni Cheallaigh Cook, rezidan Hyde Park, paran ak pwofesè BLA
- Loktin Yao, rezidan Stoughton, pwofesè BLA
- Ann Chinchilla DeGeorge, rezidan Roxbury, paran BLA
- Libbah Israel, rezidan Roxbury, ansyen etidyan BLA

Moun sa yo te temwaye konsènan enkyetid konsènan pwopozisyon Siveyan an pou demenaje O'Bryant School of Math & Science nan sit ansyen West Roxbury Education Complex:

- Nicolette Pocius, rezidan Revere, pwofesè O'Bryant
- Aparna Lakshmi, rezidan Roslindale, pwofesè O'Bryant
- Ann Braga, rezidan Mattapan, paran nan O'Bryant
- Dinah Shepherd, rezidan Jamaica Plain ak paran nan O'Bryant
- Nora Paul-Schultz, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè nan O'Bryant
- Rahul Dhanda, rezidan Dorchester ak paran nan O'Bryant
- Danyelle Veillard, rezidan Hyde Park ak ansyen elèv O'Bryant
- Jayden Reilly, rezidan Dorchester ak ansyen elèv O'Bryant
- Sadiki Kambon, rezidan Roxbury, Black Community Information Center Inc.
- Eve Harmon, rezidan Mission Hill, defansè kominote a
- Sonal Patel, rezidan South Boston, paran O'Bryant
- Chanel Shearer, rezidan Dorchester, paran nan O'Bryant
- Eugenia Corbo, rezidan East Boston, paran nan Umana Academy
- Mauryn Calderon Perkins, rezidan Roslindale, ansyen elèv O'Bryant ak paran
- Liza Cagua-Koo, rezidan Roslindale, paran nan O'Bryant
- Betsy Yoshimura, rezidan East Boston, paran nan Umana Academy

Mike Heichman, rezidan Dorchester, manm Boston Education Justice Alliance (BEJA), te temwaye konsènan edikatè yo nan investigasyon koulè.

John Mudd, rezidan Cambridge, defansè kominotè ak manm Gwoup Travay k ap Aprann Anglè, te temwaye konsènan priyorite pou elèv ki gen andikap ki pale plizyè lang e ki gen plizyè kilti.

Marc Seiden, rezidan Los Angeles, ansyen pwofesè Boston Arts Academy (BAA), te pale sou nominasyon BAA apre kofondatè Carmen Torres ak Linda Nathan.

21 jen 2023

Travis Marshall, rezidan Roslindale, English High School ak paran Bates Elementary School, te pale konsènan pwoblèm ki genyen nan opòtinite lekòl segondè yo.

Emerson Miller, rezidan Dorchester, granparan Dearborn School, te mande pou rekonsidere desizyon akseptasyon lekòl egzamen pitit pitit li a.

Deirdre Manning, rezidan Dorchester, paran Henderson K-12 Inclusion School, te pale sou enkyetid konsènan règleman admisyon lekòl egzamen an.

Carolyn Shadid Lewis, rezidan Jamaica Plain, paran JF Kennedy Elementary School, te pale konsènan fèmèn Lekòl K-8 Mission Hill.

PWEN D AKSYON

Apwouve - Nan apèl, Komite a an blòk te apwouve sibvansyon pou yon montan total \$3,754,624.

Apwouve - Nan apèl, Komite a te apwouve an blòk don an kalite nan twous materyèl eskolè ki soti nan Visit.org ak yon valè total ki estime a \$20,000.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon Memorandòm Akò ant Asosyasyon Administratè ak Sipèvizè Lekòl Boston ak Komite Lekòl Boston pou peryòd 1ye septanm 2020 jiska 31 out 2022.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon Memorandòm Akò ant Asosyasyon Administratè ak Sipèvizè Lekòl Boston ak Komite Lekòl Boston pou peryòd 1ye septanm 2022 jiska 31 out 2024.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk yon demann afektasyon siplemantè pou Ane Fiskal 2023 (FY23) bay Konsèy Vil Boston nan yon mantan \$1,705,142 pou sipòte Memorandòm Akò ant BASAS ak Komite Lekòl Boston pou peryòd 1ye septanm 2022. jiska 31 out 2024.

Madam Robinson te bay yon ti ajou sou pwosesis evalyasyon pèfòmans siveyan an pou ane eskolè 2022-2023. Pami responsablite prensipal Komite Lekòl Boston an, genyen anbochaj, sipèvizyon, ak evalyasyon Siveyan an. Siveyan Skipper poko gen yon ane konplè nan nouvo wòl li - dat sa a vini nan mwa Oktòb 2023 - men dapre kontra li a, Komite a dwe fè yon evalyasyon anvan kòmansman ane lekòl kap vini an.

Gen kat eleman nan evalyasyon an:

1. Objektif Fikse
2. Siveyan an te fè yon oto evalyasyon
3. Evalyasyon endividiyèl manm yo
4. Evalyasyon global ki baze sou evalyasyon endividiyèl sa yo ki te swiv sou baz yon vòt sou evalyasyon an.

21 jen 2023

Siveyan an pral bay komite a oto evalyasyon an nan fen mwa jiyè nan yon reyinyon espesyal ki pral pwograme byento. Lè sa a, komite a pral prezante evalyasyon total siveyan an nan dat 30 out, anvan kòmansman nouvo ane lekòl la.

Komite a pral evalye li kont sis objektif li te prezante nan mwa Oktòb pase a an akò ak konsèy yo bay nan kad DESE a ki gen ladann kat estanda: lidèchip ansèyman; jesyon ak operasyon; angajman fanmi ak kominotè; kilti pwofesyonèl.

Sis objektif siveyan an se:

- Priyorite ak akselere pèfòmans akademik
- Ranfòse Aksè aprantisaj sosyal emosyonèl
- Rasyonnalize operasyon yo epi asire sekirite elèv yo
- Devlope Pratik Otantik Angajman Familyal ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn Fanmi ak Anplwaye
- Ogmante Responsablite pou Biwo Santral ak Lekòl nou yo

Prezidan an te mande Doktè Alkins pou dirije pwosesis evalyasyon an, ak sipò Vis Prezidan O'Neill. Apre chak manm Komite ekri pwòp evalyasyon pa yo, Dr Alkins ak Mesye O'Neill pral konpile rezilta yo nan yon sèl evalyasyon. Sa a pral pataje ak tout manm Komite yo epi yo pral diskite an piblik pou asire tout aspè kle evalyasyon an entegre anvan vòt final Komite sou evalyasyon jeneral, ki pral fèt 13 septanm.

Madam Robinson te remèsye Doktè Alkins ak Mesye O'Neill pou sipòte travay enpòtan sa a. Li te ekspri rekonesans li a Siveyan an paske li te pran dispozisyon pou fè distri a avanse epi paske li toujou mete elèv yo nan mitan chak desizyon.

Madam Robinson te fini kòmantè li yo lè li te rekonèt defi kèk ane ki sot pase yo ki gen ladan pandemi an ak plizyè tranzisyon lidèchip, epi li te deklare gen anpil travay toujou ki rete. Li ankouraje tout moun pou yo fè pwòp refleksyon pa yo pandan ete a.

Madam Robinson konfime pou Mesye Cardet-Hernandez manm Komite yo pral fè evalyasyon endividyèl yo sou pèfòmans Siveyan an apre yo fin resevwa pwòp evalyasyon li.

NOUVO AKTIVITE

Madam Lopera mande ki lè Komite a ta dwe espere resevwa yon mizajou nan men OMME ak Gwoup Travay ELL la. Siveyan an te di ekip li a nan etap final entèvyou pou Chèf OMME a. Si yo chwazi yon kandida final, li pral pataje yon mizajou nan kèk semèn kap vini yo oswa pataje pwochen etap yo. Madam Robinson te di Gwoup Travay ELL la, Gwoup Travay sou Opòtinite ak Pwoblèm Reyalizasyon, ak Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Boston (SpEdPAC) pral fè chak prezantasyon bay Komite a nan kòmansman otòn lan.

Mesye Cardet-Hernandez te poze kesyon sou delè angajman pou pwopozisyon demenajman Lekòl O'Bryant. Siveyan an te di distri a te fè yon reyinyon kominotè sou pwoblèm nan yè e

21 jen 2023

Biwo Planifikasyon Kapital la pral fè yon seri reyinyon pandan plizyè mwa kap vini yo. Li te di, li prevwa pote yon pwopozisyon konplè devan Komite a nan mitan oswa nan fen otòn. Mesye Cardet-Hernandez te pale de enpòtans pou pataje yon delè klè ak kominote a, menm si se yon pwopozisyon. Li mande sou delè nominasyon yon nouvo manm Komite pou ranpli pòs vid ki te prevwa Madan Lopera kite. Madam Robinson te di Biwo Majistra a pral dirije rechèch la an akò ak direktiv eta a. Li te ekspriye optimis yon nouvo manm pral nonmen nan sezon otòn la si se pa pi bonè.

Mesye Cardet-Hernandez te mande distri a pou l kolekte epi pataje enfòmasyon sou pòs vid yo prevwa.

Mesye O'Neill te remèsye Madam Lopera pou kesyon apwofondi li sou pwoblèm enfrastrikti ak pou sèvis li bay elèv ak fanmi Boston yo.

Fen reyinyon an

Apwouve - Ozanviwon 8:55 pm, Komite a te vote an blòk, nan apèl, pou fini reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth A. Sullivan
Sekretè Egzekitif